
Нур
12
2016
6+
2017

АБРОКЪУЭ Беллэ

# Налшык паркым

Идар къалэдэсщ, ар Налшык щопсэу. Абы и къуэш Аслъэн къуажэм къикlыу хьэщlапlэ къыщыхуэкlуэм и деж, зэрытригъэун lэмалу къыхуимылъыхъуэ щыlэкъым, «Дея», «Галерея», стадион, парк жыпlэми. Бжьыхьэ зыгъэпсэхугъуэу Аслъэн и къэкlуэгъуэм дунейр пыхусыху дэхъущ аби, пшагъуэ lувкlэ зызэщlиуфэри, е дыгъэ къыкъуэмыплъа, е уэс хужь къытримылъхьа, – уэлбанэм къуаргъхэр къыхэкъургъэурэ... и кlуэжыгъуэр къэблэгъащ. Арщхьэкlэ, Идар Налшык паркыр фlэфlыщэти, и къуэш хьэщlэр залымыгъэкlэ здишэри кlуащ. Тlури къепэзэзэхыу, лъэс лъагъуэмкlэ здыдэкlуейм, гъуэгубгъу тхьэмпэ гъуам хэпэщэщыхь бзу къуэлэн цlыкlур Аслъэн къилъагъури, игу щlэгъуащ:

– Еплъыт мо тхьэмыщкlэм. Сыт иджы абы абдеж къыщилъыхъуэр? Мэжалlэуракъэ?

– Абы ишхын имыгъуэту щытамэ, щlыпlэ хуабэм лъэтэжынут. И фэр цlуужу, плъагъукъэ зэрыпlырыпl гъэпщар,– бзум щогуфlыкl Идар.

– Мис иджы пщэдей уэс къос, дэнэ абы шхын къыздрихынур?

– Уэс лъабжьэм къыщlихынущ. Абы езым и щхьэр ипlыжын хуейщ, лейуэ ухуэмыгузавэ. Бгъашхэу ебгъасэмэ, къыпщыгугъыу къэнэнущ. Сэ ахэр соцlыху! – бзуубзэ зищlауэ мэфий Идар.

– Дэнэ щыпцlыхур? Укъацlыхуу жомыlэ иджы езыхэми,– мэдыхьэшх Аслъэн.

– Сэ сытым дежи дадэ и гъусэу ситщ мы паркым, мо тренажерхэмкlи докlуэ, Кизиловкэ lуащхьэми дыдокl, зэм псы хущхъуэм дофэ, зэм теннис доджэгу. Мыбы кlэпхъыуи, бзууи исыр ди цlыхухэм ягъашхэурэ щагъэкlащи, моуэ укъызэрыувылlэу бзухэм укъауфэрэзыхьу щlадзэнущ, кlэпхъхэр жыгым къехыу уи куэщlым къипкlэнущ.

– lэгъуу, йумыгъэлейуэ пlэрэт?!

– Накlуэ, уэзгъэлъагъунщ. Мес мо шхапlэ Чеишхуэмкlэ дэкlуей гъуэгум дытегъыхьэ. Лъэныкъуитlымкlи уплъэурэ къэбж иджы абы бзугъашхэу щыфlащlар зыхуэдизыр. Шхын гуэр зэрымылъуи зыри зэрахэмытыр уи фlэщ щlы.

– Накlуэ,– къэгуфlащ Аслъэн. Уэли, сфlэфlыпсу сыбжынмэ.

Щlалэ цlыкlуитlыр лъэс лъагъуэм теуващи, ябжри-ябж, бзугъашхэхэм яроплъэ, бзу цlыкlухэр ягъэунэхуну къызэрыувылlэу, мохэм абы я lуфэлъафэр къызэралъэтыхьым зэкlуэцlылъэлъу егъэдыхьэшх, мэтхъэжхэ. Ауэ... кlэпхъхэр дэкlи семышкlэкlи къахудэхьэхакъым. Идар жиlащ итlанэ:

– Абыхэм уэрэ сэрэ дзыхь къытхуащlынукъым, дадэхэращ нэхъыфlу ялъагъур. Сэ зы дадэ соцlыхури, пщэдджыжь къэс цlэ зэрызкlэ еджэу кlэпхъхэр зэхуишэсурэ егъашхэ. Хэт «Кlулэщ», хэт «Кlуцэщ»... йоубзэ.

Сурэти тесхащ lэджэрэ. Мисри,– телефонымкlэ ирегъэлъагъу.

Аслъэн хуабжьу игу ирихьащ паркыр. Хъыринэ, лисэпет, роликхэм нэмыщl, абы, дунейр пшагъуэ lуву щыуэлбанэми, гурыфlыгъуэ зэрыщыбгъуэтынур къыгурыlуащ.



Къуажэм кIуэжа иужь, емытIысэхыу лэжьащ щIалэ цIыкIур. Илъэсыщlэр къихьэу, и щIымахуэ зыгъэпсэхугъуэхэм ар къалэм къыщыкIуам, Идар илъагъур и фIэщ мыхъуу къэуIэбжьат. Зэмылlэужьыгъуэ защIэу бзугъашхэ тIощIым щIигъу къыздишат Аслъэн, езым и Iэкlэ ищlыжауэ. Пхъэри, тхылъымпIэ картонри, пластик птулъкIэхэри, псылъэхэри,– къимыгъэсэбэпа щыIэтэкъым. Идар игъэщIагъуэу ахэр здызэпиплъыхьым, занщIэу гу зылъитар, а бзугъашхэхэм яхуищIа къигъэжыпIэхэрт. Абыхэм бзуушхуэ ихуэнутэкъым, цIыкIут.

– Къуаргъыжьхэмрэ тхьэрыкъуэхэмрэ абы я шхын тIэкIур фIамышхыжын щхьэкIэщ апхуэдэу щIэсщIар,– гуфIэрт щIалэ цIыкIур.

– Уэли, пэжу пщIам. Пщэдей цIыхухэр нэхъ здынэмыс гъуэгу пхыдзахэмкIэ щыкIэрытIулIэнщ мыхэр,– жэуэ Идар щыгуфIэм, Аслъэн абы пэрыуэри:

– КIэрытIулIэнукъым-тIэ, фIэтщIэнущ,– жиIащ.– Сэ сфIэфIкъым жыгхэм гъущIIунэ щыхаукIэм и дей. Е жыгхэм кIэрытпхэурэ, е къудамэ нэхъ иныIуэхэм фIэтщIэурэ едгъэубыдынущ. Жыгхэми псэ яIутщ, Iэгъу, зебгъэгъэзгусэ хъурэ?!

Идар абыкIэ арэзы хъуауэ и къуэш губзыгъэм IэплIэ хуищIащ.

* * *

*Ди еджакIуэ цIыкIухэ, сэ Идари Аслъэни фIыуэ слъэгъуащ, ауэ Идар жиIамкIэ сыарэзыкъым. Абы ди бзу цIыкIухэр щыкIауэ къыщохъу. Хьэуэ, ахэр щыкIакъым, атIэ Iэрысэ хъуауэ аращ ди цIыхухэр зэран зэрахуэмыхъунур ящIэу.*

*Аслъэн жиIар пэжщ, ди бзу цIыкIухэр щIымахуэм шхынкIэ гугъу йохьри, фэри къыфщогугъ бзугъашхэ яхуэфщIыну. Хъун?..*

## ЩIЭБЛЭРЩ ЗЕЙР ПЩЭДЕЙР!

Ди гум щыдгъафIэу ди Налшык къалэм
ЕджапIэу дэткъэ щэщIрэ тIурэ,
Абыхэм щеджэу ди щIалэгъуалэм
СывэлъэIунут. Къезэгъыу пIэрэ?..

Дыхуэвгъэсакъыу ди жэнэт лъахэм
Дыхуэвгъэхъу закъуэ абы гу махэ.
Дывгъэгъэкъабзи къалащхьэ дахэр,
Дэ дахуэвгъэхъут ди щIэблэм щапхъэ.

Мудрэн Беслъэни, Джэду Iэнуари
Ди лъэпкъ лIыхъужьхэщ. Дагъэгушхуащ.
Ди нартыжь Хэкуу ахэр щалъхуари
Дунейм къацIыхуу цIэрыIуэ хъуащ.

Дывгъэгъэдахэ ди щIыр демышу,
Псыхъуэхэр, мэзхэр, къуажэхэр,куейр.
Зэнзэныпс къабзэу нэрзаныпс хущхъуэр
ЗыIухуэ щIэблэрщ зейр ди пщэдейр!

Нарт Сосрыкъуэ хуэфащэ щауэ
Къардэн Мурати ещхьу лъэщ хъунщ!
Хъущт Аслъэнбэчи дэплъейуэ, уардэу
ЛIыгъэ яхэлъу щIэблэр къэхъунщ.

**КЪЭЖЭР** **Роксанэ,**
Налшык, 11-нэ курыт еджапIэм
и еджакIуэ, 8 «Б» класс

## ИЛЪЭСЫЩIЭР КЪОБЛАГЪЭ

(Номиным и илъэсыр йожьэж,
адакъэм ейр къохьэ)

Номин шырыр ежьэжыну
И хьэпшыпхэр зэрелъхьэж.
Илъэс псом ищIа Iуэхугъуэр
Зэ иджыри къепщытэж.

ЕхъулIэныгъэ зиIа цIыкIухэм
ГуфIэрнэIуу яIуоплъэж.
ХуэмыщIауэ тIэкIу... еджахэм
Чэнджэщ IущкIэ йоубзэж.

Мес! БжэщхьэIум къэсыпауэ
АдакъэщIэр Iуэуэ тетщ.
ИлъэсыщIэр къыздихьауэ
И дамэпкъым нэхуу телъщ.

И чэзур абы къэсауэ
Ди бжэщхьэIухэм къебэкъуэнщ.
ИлъэсыщIэм фIы триIуауэ
Угъурлыуэ къытхуишэнщ!!!

**БОРЫКЪУЕЙ** **Жаннэ**
Шэрэдж Ищхъэрэ
етIуанэ курыт еджапIэм
и егъэджакIуэ



*Тхак1уэ, усак1уэ, журналист **ГЪЭУНЭ Борис** мы гъэм и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирикъуащ. Рассказ, очерк, хъыбар, таурыхъ, усэ зэрыт тхылъ куэд и Iэдакъэ къыщIэкIащ, къэралым и ЩIыхь тхылъ зыбжанэ къыхуагъэфэщащ, «КъБР-м и ЩIыхь зиIэ журналистщ» Гъэунэр. Тхак1уэм сабийхэри гулъытэншэу къигъанэркъым – уэрэд, усэ дахэхэр яхуетх, дэри къыддолажьэ.*

*Гъэунэ Борис дохъуэхъу узыншагъэрэ гукъыдэжрэ иIэу куэдрэ тхуэпсэуну!*

**ГЪЭУНЭ Борис**

## ЗЭРЫСЩIЫНУР ДАУЭ?

Къэушауэ ди Мадинэ
МыувыIэжу магъыр,
ЙодэхащIэ дади нани,
Сэри си гур щIогъур.
Мамэ щIэскъым, Iуэм ихьауэ
Къешыр ди мамыжьыр,
Мамэ зэ пIапIу къихьамэ,
Ар си Iуэхути гъыжым.
Сэ сыжэнурэ и гущэр
ЩIэзупскIэнут, ауэ...
Мис, къыстежеящ ди КIущэр –
ЗэрысщIынур дауэ?!

## БЖЬЫХЬЭ

Уа-рэ, жыг къудамэр
Щыхьыбжьэм[1] ещхь хъуаи!
Тхьэмпэ цIыкIу пытахэр
Зы къэмынэу гъуаи!

А жыг цIыкIум и пкъыр
ПIыщIэу мэкIэзыз.
Мэхъур ар си жагъуэ:
Тхьэмпэр щIылъэм щызщ...

Ауэ! Мэхъу си фIэщ сэ:
Гъатхэр къэсыжынщ,
Бзу цIыкIухэр бзэрабзэу
Дунейр гъэгъэжынщ.

## ЩIЫМАХУЭ

УэI! Сабын тхъурымбэу
ФIэлъщ ди жыгым уэс!
Фыдэмыту щIыбым,
Унэм щхьэ фыщIэс?!

Уафэр и кхъузанэщ
Хуэму къепщэ жьым,
Хьэжыгъэм щIегъанэ
ТриухуанщIэу щIым.

Щхьэукъуа къуаргъыжьыр
Хужьу ириIащ.
Ар идэнт бзаджэжьым?-
ЗиутхыпщIыжащ.

* * *

Хужьщ кхъуейлъалъэу
КъуэIэнлъэм[2] дэлъ пшагъуэр,
ЩIыIэр йобжьэ си напэм шыбжийу,
Дыгъэм пфIощI къытехьауэ техьэгъуэ[3] –
ЩIымахуэжьым, кIуэтэху, зегъэткIий.
Ихузауэ япкъ лантIэр мыл джафэм,
Нэщхъей хъуахэу ди жыгхэр зэхэтщ.
Хэпэзазэу, дунейр фIэмыIэфIу,
(ИгъэпщкIуауэ и лъакъуэ лъэныкъуэр),
Адакъэжьри джэдэщым бгъэдэтщ.

~~~~~~

[1] Щыхьыбжьэ – щыхь бжьакъуэ.
[2] КъуэIэнлъэ – къуэ.
[3] Техьэгъуэ – плъыржьэр узыщI узыфэ.
~~~~~~



ДОЛ Ислъам
илъэс 11 мэхъу



ШЭБЭЗДЖЭРИЙ Къантемыр,
6 «А» класс



КУЖОКОВЭ Зульфия,
илъэс 11 мэхъу



КЪЭЖЭР Элисия,
5-нэ класс

Илъэсыщ1э къыщихьэм и деж дэтхэнэ зы ц1ыхури насыпым щ1охъуэпс. «Насыпыр сыт зищ1ысыр?»- щ1эупщ1ат Нурри, Урван щыщ сабийхэм сурэтк1э а упщ1эм жэуап иратащ.



К1АУЭ Лаурэ, илъэс 12 мэхъу



ВЭРМАХУЭ Андемыркъан, 5 «Б» класс



КЪАРДЭН Салимэ илъэс 12 мэхъу



БЕЖДЫГЪУ Къантемыр, 5-нэ «А» класс

# Насып

Мухьэмэд дадэ гуэщ джабэм кlэрыст, щlымахуэ дыгъэм зригъэуууэ. Еджапlэ къикlыжа и къуэрылъхур къыщыдыхьэжым:

– Сыту куэдрэ укъэта, хьэмэ къилъхуа?-и гур зэгъэжауэ щlэгуфlыкlащ.

– Диспут [1] дилащ.

– Ы-ы-ы? Сыт спут-пlа?

– Насыпыр зищlысымкlэ дызэныкъуэкъуащ.

Лlыжьыр къуэрылъху цlыкlум еплъащ, насыпыр зищlысыр къыгурыlуэу пlэрэ мыбы,– жыхуиlэу.

– Сыт-тlэ уэ жыпlар?

– Сэри? Машинэ уиlэмэ – насыпщ, жысlащ.

– Кlуэ, шхэи, модэ хьэуазэпlэмкlэ накlуэ, сэ бжесlэнщ насыпыр зищlысыр,– лlыжьыр мэкъуэщым ихьэжащ. Щlалэ цlыкlур еlэепхъуэу шхэуэ, къыпэплъэ хъыбарым щыкlэлъыкlуам, дадэ хьэуазэ щабэм хэлът, телэжьыкlа и дэмкlэ зы шхий игъэныщкlуу. Абы мыпlащlэу къригъэжьащ:

– Дэсыгъащ, жаlэж, къуажэ гуэрым зылlрэ зы фызрэ. Ахэр хуэмыщlауэ [2] псэу щхьэкlэ, къулеягъышхуэу къуэ пщыкlущ яlэт. Щlалэхэр балигъ щыхъум, физи кърагъэшащ, быдуни хъужахэщ, арщхьэкlэ псори зэхэсу псэурт. Лlыжьым и унагъуэм къуажэри жылэри къехъуапсэрт. Адэм и псалъэр тlэужыlэ быным ящlыртэкъым,– зыр пщlантlэм дэлэжьыхьмэ, адрейр мэзакlуэт, мэкъуауэр къызылъымысам я lэщыр зэрихьэрт.

Ауэрэ зэманыр кlуэуэрэ, зэш [3] пщыкlущми къуэ пщыкlущ-пщыкlущ къыхуалъхуащ. Ахэри балигъ щыхъум, нысащlэ зырызыххэ къыхуагъуэтри, лlыжьым и пщlантlэм хьэгъуэлlыгъуищэрэ хыщlрэ бгъурэ щызэхэтащ. Зы къуажэ хуэдиз хъуа унагъуэшхуэм зыкъауэжьащ, дуней мылъкур яlэу.

Уэрэдымрэ гушыlэ макъымрэ унэм щlэзт, псори зэрызэджэр «си псэ, си нэхут», лы ягъажьэмэ, нэхъ lыхьэфlыр зым адрейм хуигъэкlуатэрт, щыгъыныщlэ ядамэ, зыр адрейм хуэупсэрт. Псом хуэмыдэжу я дадэмрэ нанэмрэ фlыщэу ялъагъурт.

Апхуэдизу зэкъуэтти, псори насыпыфlэт. Ауэ унагъуэ щхьэхуэу гъэтlыси еплъыт – къаруи къулеягъи яlэжынутэкъым. Ауэрэ, тхъэжу псэухэурэ, лlыжьыр нэхъ зыщышынэ дыдэр къалъыкъуэкlащ [4]: зэшхэр зэгурымыlуэж хъуащ. Япэм, «мыр дыдейщ» жаlэу щытамэ, иджы зэхэпхыр «мыр сысейщ». «Ди сабийхэр» жаlэжыркъым, «си сабий» фlэкlа. Дэтхэнэми зыр адрейм ирефыгъулlэ, и сабийр щэхуу егъашхэ, адрейм ейм нэмыплъ ирет.

Ар илъагъуху, псори къызытепщlыкlыжа лlыжьым и гум зегъазэ. Тахътэ [5] щабэм и пlэкlэ, шэнтжьей гъурым махуэ псом и нэр плъызу ис пэтми, зыми гу къылъитэжыркъым, дахэ-дахэу





и чэзум ягъэшхэжыркъым, псалъэ дахэ къыжраlэжыркъым, а псом я щхьэжыращи, и унафэр пхыкlыжыркъым.

Щымыхъужыххэм, щlымахуэ пщыхьэщхьэ гуэрым, абы и унагъуэм ис псори – жьыри щlэри, цlыхухъуи, цlыхубзи, сабийхэри – зэхуишэсри яжриlащ:

– Ныжэбэ зы цlыху мы унэм фыщlэмыкl. Сэ фlылъагъуныгъэ гуэр къысхувиlэххэмэ, а зы лъэlур къысхуэфщlэж.

– Хъунщ, – жаlащ балигъхэм,– дэри дыщlэкlынкъым, сабийхэми щlэкlыу яхуэддэнкъым.

А жэщым уэс кууи къесауэ нэху къекlащ. Нэхущ адакъэхэм я уэрэдыр зэрагъэувыlэххэу, лlыжьыр щlыбым щlокl. Плъэмэ, балигъ лъэужь гуэр мэзымкlэ кlуэуэ къелъагъу. Къэгубжьащ тхьэмадэр. Бынунэм, къызэрызэщlэтаджэу, ягиящ:

– Фымыукlытэу дауэ си жьыщхьэ сыкъэвгъэпцlа? Зыри фыщlэмыкlыну жыфlатэкъэ?

– Уэли, зы цlыхуи дыщlэмыкlа, ди сабии щlэдмыгъэплъагъэххэ.

– Хъунщ, деплъынкъэ,– лlыжьым джыдэр къищтэри лъэужьым теуващ. Абы ар мэзыкум хишащ. Ауэ ихъуреягъкlэ зыри щыlэкъым. Жыгышхуэ гуэрым нэсауэ лъэужьыр щыкlуэдыжым, къэуlэбжьащ: «Жыг ку гъуанэм ипщхьауэ пlэрэ?» – игу къэкlри, лlыжьым жыгыр пиупщlыну зэ-тlэу фlэкlа джыдэр химыупцlауэ, ищхьэмкlэ зыгуэр къыщокlий:

– Ей, лlыжь, мы жыгым сыт уи ней щlыщыхуар?!

– Уэ ухэт езыр?

– Уэ уи унагъуэшхуэм и Насыпыр сэращ.

– Атlэ, мы мэзым щхьэ ущlэс?

– Дэнэ сыкlуэнт атlэ, уи тэхъуанэр[6] сымыбгынэу хъуакъым. Уи унэм щlэсхэм сэ сраlуэхужкъым, щхьэж и щхьэ, и бын, и lуэху зэрыхъунщ зэгупсысыр. Цlыхухэр я щхьэм фlэкlа нэгъуэщlым щемыгупсысыж щlыпlэм сэ щысщlэн щыlэкъым.

– Пэжщ уэ жыпlэр, ауэ нэгъэзэж си деж, зэрыслъэкlкlэ сыбдэlэпыкъунщ.

Хьэуэ,– идэркъым Насыпым,– ар слъэкlынкъым,сэ къысхуейкъым уи унагъуэр.

Дыпхуейщ, кхъыlэ, нэгъэзэж.

Хьэуэ, нэзгъэзэжынукъым,ауэ сэ пхуэсщlэфынуращи, уи унагъуэм исхэм псоми я лъэlу зырыз яхуэзгъэзэщlэнщ.

– Атlэ, тхьэ къысхуэlуэ сыкъыумыгъэпцlэну.

Тхьэ пхузоIуэ. Зыщумыгъэгъупщэ, ауэ лъэIу зырызщ.

ЛIыжьым къигъэзэжри къэгубжьауэ джыдэр пхъэ къутапIэм хиупщIащ. Асыхьэту и къуэхэм, нысэхэм, къуэрылъхухэм, абыхэм къалъхужахэм къаувыхьащ, къедэхащIэу, Iэ къыдалъэу, и шхын къыхуагъэуву. Арщхьэк Iэ, дадэм зэрынэщхъейуэ жеIэ:

– Дэ Насыпыр тщхьэщыкIащ. Къигъэзэжын идакъым. ФIы-тIэ ар?

Зыми «фIыщ» жиIакъым, дауи.

– Сыт Насыпым дыщIибгынар?[7] Сыт и щIыб къыщIытхуигъэзар?

– Нэхъыжь и пщIэ къэфлъытэжтэкъыми. Фи щхьэ Iуэху фIэкIа нэгъуэщI зефхуэжтэкъыми. Сэ нышэдибэ Насыпым сыхуэзати, дэтхэнэми фи лъэIу зырыз къыфхуищIэну сыкъигъэгугъащ. ЖыфIэ иджы щхьэж зыхуейр.

Зым и псалъэр адрейм Iэпиуду зэрыгъэкIияхэщ. Хэт витI-шитI, хэт Iэщэ-фащэ, хэти кузду мэш дыхуейщ жаIэрт. Лыжьыр псоми едэIуащ, игу ириубыдащ. Иджыри темыхьауэ[8] зэмыпсалъэ нысащIэщIэ яIэти, ар зыхуейр имыщIэу, щIалэ цIыкIухэм ящыщ зы щригъэупщIым, нысащIэм жиIащ:

– Насыпым дызыхуейр къытхуищIэнумэ, ди лэжьыгъэри, лъагъуныгъэри, гъащIэри япэм зэрыщытам хуэдэу ирещIыж.

ЕтIуанэ махуэм лIыжьыр мэзым кIуэри Насыпыр зытес жыгым и щIагъ щIэуващ.

– Сыт узыхуейр, тхьэмадэ? – къеупщIащ ар. Лыжьым псори абы жриIэжащ.

ЛъэIу псори згъэзэщIэнщ,– жиIащ Насыпым,– зы фIэкIа къэмынэу. Уи нысэ нэхъыщIэр зыхуейр сэращ, сэ нэзгъэзэжыфынукъым.

МащIэрэ елъэIуа абы лIыжьыр, ауэ зыри къикIакъым. Щымыхъужым, зигъэгусащ:

– Уэ тхьэ къысхуэпIуауэ щытащ ди унагъуэм ис псоми я лъэIур бгъэзэщIэну, иджы уи псалъэм уепцIыжу ара?

– Хъунщ, пэж дыдэу, тхьэ пхуэсIуауэ щытащ. Ар бгъэпцI хъунукъым. КIуэж, деплъынщ.

Ешарэ зэфIэмытыжыфу лIыжьым къигъэзэжмэ, уоу, унагъуэм ис псори къыпожажьэ, шэнт щабэм ирагъэтIысхьэ, псы хуабэкIэ и лъакъуэр хуатхьэщI, дадэр трагъэун папщIэ щIалэгъуалэм я уэрэдыр зэфIащIэ, фIыуэ илъагъу шхыныгъуэхэр хузэблах.

ЕтIуанэ махуэм зылI и быну псори лэжьыгъэм пэрыхьахэщ... Унэ дэгъуэ ящIащ, Iэщыр зыхуей хуагъэзащ. ДэнэкIэ щызэхэпхри «ди мылъкур»,«ди Iуэхур», «ди сабийхэр» псалъэхэрт, зыгуэрым «си» жиIауэ пщIэжыххэнтэкъым.

Апхуэдэу псэун щIадзэжащ лIыжьым и унагъуэм, махуэ псом еш зымыщIэу лэжьахэр пщыхьэщхьэм унэщIэ Iэхуит-лъэхуитым щызэхуэсыжхэу. Псори арэзыуэ нэщхъыфIэ хъужахэщ. Насыпым бынунэм я деж къигъэзэжащ. Ар псоми я зэхуэдэ Унагъуэ Насыпырт.

Мис аращ, си щIалэ, Насып жыхуаIэр.

***Илъэсыщ Iэ къыщихьэм и деж псори нэсыпкIэ мэхъуахъуэ. Ар фэ фиIэщи, фхъумэ!***

[1] Диспут – щIэныгъэм теухуа зэныкъуэкъуныгъэ.
[2] ХуэмыщIауэ – къулейсыз, тхьэмыщкIэ.
[3] Зэш – зэкъуэш.
[4] КъылъыкъуэкIын – къыщыщIын.
[5] Тахътэ – нэхъыжь тIысыпIэ.
[6] Тэхъуанэ – пасэрей унэ.
[7] Бгынэн – къимыгъэзэжу дэкIын.
[8] Техьэн – адыгэ хабзэкIэ нысащIэр нэхъыжьхэм яхуэзэн.

# ИЛЪЭСЫЩIЭ ПСЕЙ ЩIЭРАЩIЭМ ПЩАЩЭМ ЗЫХУЕГЪЭЩIЭРАЩIЭ



Ди адыгэ пщащэжьей цIыкIухэм я щхьэцыр кIыхьу щагъэкIым и деж, я дадэхэмрэ нанэхэмрэ сытым хуэдэу гуфIэрэ! ИгъащIэ лъандэрэ ди лъэпкъым ар яфIэдахэщ, щхьэц кIыхьым пщIэ хуащI.

Махуэшхуэхэм и деж щхьэцышхуэр сытым хуэдэу дахэу пхуэгъэщIэращIэрэ. Мызэ-мытIэу дрихьэлIащ илъэсыщIэ псейм хэт пщащэ цIыкIум и щхьэцыр дахэу зэрыухуэнам щхьэкIэ Уэс Дадэм абы и щхьэм Iэ къыдилъэрэ, саугъэт къриту.

Щхьэц кIыхь зытетхэм фи саугъэтхэм къахэхъуэну фыхуеймэ, мис мы сурэтхэм феплъурэ зывгъэдахэ!







# «Шэху уэздыгъэ»





Зэрытщ1эщи, зи щ1эныгъэм зезыгъэужьыну хуейхэр, тхылъ еджэным, бзэм, усэбзэм, литературэм хуэгумыгъуэхэр сыт щыгъуи зэрогъуэт, зэрощ1э, зэгуохьэхэри 1уэхуф1хэр зэдалэжь. «Шэху уэздыгъэ» («Свеча») ди студиер къызэрыунэхурэ илъэс 14-м щ1игъуащ, литературэр сабийхэмрэ щ1алэгъуалэмрэ ф1ыуэ егъэлъагъуным, тхак1уэ ныбжьыщ1эхэр утыкум къитшэным дытелажьэу дыкъок1уэк1, Урысей Федерацэм и сабий зэгухьэныгъэ нэхъ пажэхэм дащыщщ. Дэ мы гъэ еджэгъуэм щыщ1эдзауэ хэщ1ап1э тхуэхъуащ «Дыгъаф1э къалэр» творчествэмк1э сабий академиер. «Шэху уэздыгъэ»-м къек1уал1э ныбжьыщ1эхэр (илъэс 10–18 зи ныбжьхэр) къалэми, республикэм и куейхэми я еджап1эхэм къок1, абы я бжыгъэр 103 мэхъу. Мыбдеж щыжы1апхъэщ, ди студиер Налшык дэт 17-нэ еджап1эм студиер куэд щ1ауэ нэхъ жыджэру зэрыдэлажьэр. Еджак1уэхэм яхэтщ анэдэлъхубзэми урысыбзэми зэхуэдэу хуэшэрыуэу тхэхэр, ди тхак1уэ ц1эрыуэхэм я тхыгъэхэр зэзыдзэк1хэр, гъэхуауэ усэ къеджэну зыф1эф1хэр. Языныкъуэхэми иджырей таурыхъ зэхалъхьэ, усыгъэм къыдэк1уэу, прозэм, журналистикэм зи къару щеплъыжхэри ди1эщ. Абы имызакъуэу, студием и зэхуэсхэм нэхъыбэу школ сочиненэ яхуэтхыу зыщрагъэсэну яужь итщ, пшыхь гъэщ1эгъуэн куэд (тхак1уэхэм, ц1ыху ц1эры1уэхэм, махуэшхуэ щхьэхуэхэм ятеухуауэ), зэ1ущ1эхэр, тхылъыщ1эхэм я лъэтеувэхэр къыщызэрагъэпэщ. Студиер долажьэ къалэм дэт библиотекэ псоми, Тхылъхэр ф1ыуэ зылъагъухэм я зэгухьэ-







ныгъэм, Щоджэнцlыкlу Алий и цlэр зезыхьэ музейм, КъБР-м и хэкурыдж музейм, Изобразительнэ искусствэмкlэ музейм, Литературнэ салоным (Долинск), къалэм и нэгъуэщl lуэхущlапlэ куэдым, газетхэм, журналхэм.

Илъэс къэс ди студием и гъэсэнхэм япэ увыпlэхэр къыщахь литературнэ, творческэ, тхыгъэ зэмылlэужьыгъуэ, усэ гъэхуауэ къыщеджэ зэпеуэ куэдым. *«Шэху уэздыгъэ» студием къекlуалlэхэм я тхыгъэхэр Мэзкуу къыщыдэкl тхылъхэм йохуэ, газет, журналхэм щlэх-щlэхыу къытрадзэ. Гъэ блэкlам усакlуэ ныбжьыщlэхэм я щlэныгъэмрэ зэфlэкlымрэ куэдкlэ хагъэхъуащ. Урысей олимпиадэхэм, творческэ зэпеуэхэм пашэ щыхъуа усакlуэ ныбжьыщlэхэм я бжыгъэр куэдкlэ хэхъуащ.*

Абы ипкъ иткlэ, Щоджэнцlыкlу Алий и цlэр зезыхьэ фондым и мылъкукlэ гупым я нэгу зыщрагъэужьащ lущхьэмахуэ лъапэм. Загъэпсэхуауэ, Къэбэрдей щlыналъэм и мэз, къурш хьэлэмэтхэм зэрызыщаплъыхьар гукъинэж ящыхъуауэ, я дэрэжэгъуэм хэхъуауэ ныбжьыщlэхэм гъэ еджэгъуэщlэм щlадзэжащ. Мы сурэтхэм щыволъагъу «Шэху уэздыгъэ» студием илэжь lуэхугъуэхэр, ди гъэсэн нэхъ пажэ дыдэхэр. Фыкъыдогъэблагъэ студием (мэремым, щэбэтым я шэджагъуэ нэужьхэм).

***Нэхугъэкlэ дызэдэгуэшэнщ!***

***ТАЗ Фатимэ***
«Шэху уэздыгъэ»
литературэ студием и унафэщl

# КъэщIэрей

1. Псейм фIэлъ щыгъэ зэпыщIахэр 50 мэхъу! Абыхэм ящыщу 34-м тет хьэрфхэм хъуэхъу псалъэуха къахэфщIыкI. (Фызыхуеину хьэрфхэр тIурытI-щырыщу зэкIэлъокIуэ, лей я зэхуакухэм дэту!)



Жэуапыр мыбдеж нфтхэ

2. Къэвмыгъэсэбэпа хьэрфхэр, щыгъэ 16-м тетхэр, къыхэфтхыкI. Ахэр тэмэму зэхэвгъэувэмэ, къывэхъуэхъуар къэфщIэнущ. Мы зэпэплIимэхэри абыкIэ сэбэп хъунущ.

3. Щыгъэ хужьхэм ярыт хьэрфхэр къыхэфтхыкI, зы псалъэ къыхэфщIыкI. А псалъэр хэту усэ цIыкIу зэхэфлъхьэ.



ЗыгъэхьэзырарБЕКЪАН Масирэтщ

Фи лэжьыгъэхэр евгъэхь мы электроннэ адресымкIэ: masirat-bekanova@mail.ru

# ИЛЪЭСЫЩIЭ ШЫПСЭ

Пысэ псейуэ нэIуцэм
Тес адакъэ лъэкъыцэм
Бажэжь цIыкIур йоплъакIуэ,
Лъагъуэ щэхукIэ йощакIуэ.

Ар нэсыфми псей щхьэкIэм
Емыпхъуэф адакъэкIэм.
Ди адакъэр золъатэ,
НэгъуэщI псейм
ар мэлъатэ.





Бажэжь цIыкIум и лъагъуэм
Жыым зытрепхъэ борэну,
Бэдджэжь цIыкIум и гъуэгум
Зэхешыхь уэс гуэрэну.

...Бажэ бацэр щIогъуэжыр,
Бажэ бэаджэр щIопхъуэжыр...





ЦIыкIухэ, бажэр зылъэмыIэса а адакъэм и деж фэ фынэсрэ, абы фылъэIусмэ, илъэсыщIэм фызыщIэхъуэпсыр къыфхуищIэнущ. Аращ мы гъэ къихьэм и тепщэр!





***БИТОКЪУ Лалинэ***, илъэситху мэхъу. Дахэу сурэт ещI, гимнастикэм дехьэх. «Сафийя» зыужьыпIэм и театр кружокым зыкъыщегъэлъагъуэ. ИЗО-мкIэ Налшык дэт музейм мы сабий гурыхуэм ехъулIэныгъэ иIэу зыкъыщигъэлъэгъуащ А. Сент-Экзюпери и «Маленький принц»-м къытращIыкIа теплъэгъуэм, Роззу щыджэгури.

Мы гъэм ехъулIэныгъэ зиIа сабий псоми «Нурыр» нэхъыбэжкIэ къыфщогуфI. ЕтIанэгъэ, сыт илъэныкъуэкIи дунейпсо утыку ихьэфынухэр фэ къыззэрыфхэкIынум журналым и лэжьакIуэхэм щэч къытетхьэркъым.

ТХЬЭМ ФРИГЪЭХЪУЛIЭ!



*Ежемесячный журнал для детей «Нур»*

Издается
С 1 января 1982 года
№ 12 2016 г.

**Учредители:**
Государственный комитет Кабардино-Балкарской Республики по печати и массовым коммуникациям
Общественная организация «Союз писателей КБР»

И. о. главного редактора
**Б. М. АБРОКОВА**

Редколлегия:
**Х. КАРМОКОВ**
**А. КАРМОВА**
**Е. ТХАМОКОВА**
**Х. ТИМИЖЕВ**
**Н. ХАТУЕВ**

Художественный редактор
**М. ХАЛИЛОВА**

Компьютерный набор и вёрстка
**Н. РАСТОРГУЕВОЙ**

Свидетельство о регистрации № ПИ № ТУ07-00103 от 24 декабря 2014 г. Управление Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий имассовых коммуникации по КБР.

Подписано к печати
13.12. 2016 г.
Выход в свет 28.10. 2016 г.

Формат 60x90 1/8
Бумага мелованная
Гарнитура Arial, Minion Pro, Times New Roman, beer money, BIP
Печать офсетная
Усл.печ.л. 2
Усл.кр.-отт 8
Уч.-изд.л. 2,7

Тираж 1950 экз.
Заказ № 801
Индекс 73912
**Стоимость одного номера по подписке через ФГУП «Почта России – 12,47 руб.; за 6 мес.– 74,82 руб.**

Адрес редакции:
360000, Нальчик,
пр. Ленина, 5.
Тел.: **42-17-53, 42-75-30**
**nur46@mail.ru**

Адрес издателя: 360017, г. Нальчик, пр. Ленина, 5. ГКУ «КБР – Медиа». Дом печати.

Отпечатано
ООО «Печатный двор»
360030, КБР, г. Нальчик, ул. Калюжного, 1
printhouse07@gmail.com,
Тел./факс 8(8662) 74-11-33.